



Èske w se yon imigran ki bezwen Èd?

Biwo Eta Nouyòk la pou Nouvo Ameriken yo (ONA) kapab ede! ONA bay tout imigran yo sèvis gratis.

Angajman sivik ak kominote a

Sant Opòtinite Sivik yo se rezo founisè kominotè nan tout eta a ki ofri sèvis konfidansyèl gratis, tankou asistans natiralizasyon, preparasyon pou tès sivik, konsiltasyon legal, ak atelye kominotè. **Navigatè Kominote Imigran yo** se yon rezo de baz moun ki ede konekte moun ki pi bezwen yo ak sèvis ak enfòmasyon ki gen rapò ak imigrasyon. **Kowòdonatè Resous Imigran Peyi Nò yo** bay sipò ak referans pou imigran ki nan rejyon Peyi Nò yo, ki gen ladan yo ki nan fwontyè Kanadyen an.

Aprantisaj Lang Anglè

Sant Opòtinite – Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang (ESOL) bay fòmasyon gratis nan lang Anglè ak yon eleman mendèv. **Cell-Ed** se yon pwogram aprantisaj lang anglè gratis epi konfidansyèl pou tout nivo lang ki disponib sou nenpòt kalite telefòn selilè.

Sante ak byennèt

Pwogram Golden Door la ofri gwoup sipò sante mantal pou nouvo Ameriken atravè eta a epi konekte ak lòt resous gratis. Inisyativ **Ramirez June** ogmante kapasite rezo ONA pou konekte imigran ki gen andikap entelektiyèl ak devlopman ak fanmi yo ak resous, enfòmasyon ak sèvis.

Sèvis Legal yo

Konseye Legal yo bay sèvis legal gratis ak reprezantasyon dirèk pou imigran yo, bay jou konsiltasyon legal regilye nan Sant Opòtinite ONA yo, epi yo bay atelye ak fòmasyon ki gen rapò ak lalwa tankou Konnen Dwa Ou yo. **Pwojè Defans Libète a** sipòte pwogram legal ONA atravè yon modèl reprezantasyon inivèsèl, ki bay sèvis pou nenpòt imigran, kèlkeswa sityasyon imigrasyon, ki gen ladan moun ki nan detansyon oswa ki riske depòtasyon.

Devlopman Mendèv

Inisyativ Nouvo Ameriken yo ka kode bay imigran fòmasyon dijital debaz gratis ansanm ak fòmasyon sou kodaj lojisye ki pi avanse. Pwogram **Professional Pathways** la konekte moun k ap chèche travay imigran ki gen gwo konpetans ak konseye travay ONA lokal yo, ansanm ak sipò yon Ajans Dirijan nan tout eta a, pou jwenn fòmasyon ak sètifikasyon ki nesèsè pou yo mete yo nan travay ki matche ak konpetans yo ak eksperyans yo.

Pou jwenn aksè nan nenpòt nan sèvis sa yo rele Liy Dirèk Nouvo Ameriken Eta Nouyòk la:

1-800-566-7636

Sòti Lendi pou rive Vandredi, 9h nan maten – 8h aprèmidi, eksepte jou ferye. Tout apèl yo konfidansyèl. Asistans lan disponib nan plis pase 200 lang.

Pou jwenn sèvis ONA ki pi pre w vizite:

<https://dos.ny.gov/office-new-americans>

